



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 30 septanm 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AGRANDISMAN ZÒN DIVÈTISMAN HARRIET HOLLISTER SPENCER A

335 nouvo ak tè pral ede pwoteje zwit peyi nan Finger Lakes

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te anonse Eta New York ap ajoute 335 ak tè sou Zòn Divètisman Harriet Hollister Spencer State Park la nan Konte Livingston ak Ontario. Twa pasèl tè yo, yo achte nan men Nature Conservancy, pral agrandi okazyon divètisman ki santre sou chemen pandan tout lane nan Finger Lakes epi pral amelyore abita pou zwit takte peyi yo.

“Bote natirèl rejyon an se youn nan pi gwo motè ekonomi ak touris yo pou Finger lakes, epi agrandisman sa pral garanti tè sa yo rete pwoteje epi pral rete kote pou moun pran plezi yo pou jenerasyon kap vini yo,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Acha nouvo ak tè sa yo pral agrandi youn nan espas divètisman ki pi bèl nan zòn nan, sa kap amelyore pèch zwit epi ofri plis kote pou esplore lanati.”

Pi gwo pasèl la, yon pwopriyete 306 ak tè nan Springwater, Konte Livingston, pral founi pwoteksyon pèmanan nan Reynolds Gully, yon kouran dlo bon kalite ki pase sou pwopriyete a. Pou ede twit pase monte ak desann pi fasil, Nature Conservancy ak U.S. Fish and Wildlife Service te retire lotre jou yon baraj ki pat nesèsè epi te ranplase li ak yon seri strikti pisin wòch ak soliv. Sa pral kreye yon pasaj stab ak gradyèl pou pwason rantre nan apeprè de mil abita kouran tèl dlo ki alafen al tonbe nan Hemblock Lake.

1.550 ak tè [Harriet Hollister Spencer State Recreation Area](#) yo gen yon bèl vi sou peyizaj Honeoye Lake yo epi genyen pis cross country Rochester Cross-Country Ski Club byen antreteni, yon wout motonèj, ak pis plizyè izaj tankou randone, monte bekan ak rakèt.

Rose Harvey, Komisyonè Office of Parks, Recreation and Historic Preservation te di konsa, “Agrandisman zòn Harriet Hollister Spencer a se yon lòt egzanp jan Gouvènè Cuomo ap ogmante okazyon divètisman anplennè pou moun New York ak vizitè. State Parks nou yo kontinye grandi ak amelyore. Mwen remèsye Nature Conservancy pou tèl kole li fè nan travay enpòtan sa.”

Jim Howe, Direktè Nature Conservancy's Central & Western New York, te di konsa, "Nature Conservancy ede Harriet Hollister Spencer Park prèske double gwosè li nan sis dènye lane yo paske nou kwè nan valè li pou moun ak lanati. Adisyon sa pral konsève yon zòn ki pèmèt moun jwenn non sèlman dlo pwòp men tou bote natirèl – eksitasyon ki genyen nan monte bekann nan mòn, ski cross-country, spektak migrasyon zwazo oswa dekouvèt yon forè vyèj. Nou fyè pou nou patisipe nan travay tèt ansanm sa pou bouste lanati ak aktivite anplennè nan Finger Lakes yo."

Katy Dunlap, direktè Eastern Water Project pou Trout Unlimited, te di konsa, "Nan New York, mwens pase 5 pousan basen vèsan ki istorikman te genyen popilasyon twit peyi rejyon lwès entak gen ladan yo twit takte peyi pou kounye a. Grasa pwoteksyon pèmanan tè yo ki antoure Reynolds Gully, Eta New York ap ede kwape tandans sa epi garanti timoun ak pititpitit nou yo pral gen okazyon pou yo peche twit peyi sou tè piblik nan Finger Lakes."

Bourad lajan ki soti nan Environmental Protection Fund te pèmèt State Parks achte twa pasèl tè pou \$498.000. Acha ki fèt la pral reyalize objektif Eta New York pou l pwoteje espas louvri nan Western Finger Lakes, epi pou l kreye yon koridò natirèl tè piblik ant basen Honeyoye, Hemlock ak Candice Lakes yo.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE